



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO METE NOUYÒKÈ YO AJOU SOU NOUVO CORONAVIRUS LA
EPI ANKOURAJE POU KONTINYE AK SANSIBILIZASYON YO PANDAN GRIP LA
TOUJOU AP FRAPE**

Toujou pa gen ka pou nouvo coronavirus la ki konfime nan Eta New York

*Kantite ka grip ke laboratwa konfime ak ospitalizasyon yo kontinye grenpe nan
dènye rapò a*

*Jwenn kote ou ka pran vaksen kont grip toupre lakay ou [isit la](#), epi swiv ka grip
yo nan zòn ou an [isit la](#)*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon mizajou sou eta tès pou nouvo coronavirus la nan Eta New York. Jiska jodi a, yo te voye echantiyon ki soti nan 22 Moun New York bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo pou teste. Pami yo, 16 te retounen negatif. De echantiyon ki soti nan Vil New York ak kat echantiyon ki soti nan Eta New York andeyò Vil New York ankou, sa fè sis echantiyon total ki ankou. Toujou pa gen ka nouvo coronavirus la ki konfime nan Eta New York.

Gouvènè a te soti mizajou sou kantite ka grip yo, ki kontinye grenpe, epi te ankouraje tout Nouyòkè yo pou pran prekosyon ki rekòmande yo pandan n ap apwoche monte sezon grip la.

"Pandan nou pa gen ka nouvo coronavirus la ki konfime nan eta a, nou kontinye pran tout prekosyon nesèsè pou pwoteje Nouyòkè yo kont viris danjere sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen vle raple Nouyòkè yo ke yo gen plis chans ekspozè ak viris grip (influenza) pase coronavirus la epi mwen ankouraje tout moun pou itilize prekosyon bon sans pou pwoteje kont tou de, tankou lave men souvan ak evite kontak pre ak moun ki malad."

Depatman Sante (Department of Health) a ap travay de prè ak patnè li yo nan nivo federal, eta ak lokal sou ijans sante piblik sa k ap evolye a. Kounye a ke Administrasyon Manje ak Medikaman nan Etazini (U.S. Food and Drug Administration) te otorize Eta a pou itilize tès dyagnostik Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) yo, Sant Wadsworth Depatman Sante Eta New York la ap travay pou egzekite tès coronavirus la. Sant Wadsworth la, ki te devan sèn lan pou anpil ijans sante piblik tankou maladi ki asosye ak sigarèt elektwonik, SARS (sendwòm respiratwa avanse ki grav) ak kanabinoyid sentetik, dwe konplete pwotokòl verifikasyon kòrèk yo anvan li kòmanse tès yo.

Dènnye rapò siveyans grip la montre aktivite grip sezonye ki kontinye ogmante nan Eta New York kote gen omwen yon ka ki konfime nan laboratwa nan tout 62 konte yo. Kantite ka grip ki konfime nan laboratwa ak ospitalizasyon yo kontinye gaye depi sezon grip la te kòmanse nan mwa oktòb. Sezon grip la rive prensipalman apati mwa oktòb rive nan mwa me, epi sezon 2019-20 an poko rive nan nivo ki pi wo li.

Semèn pase a gen 1,889 Nouyòkè ki te ospitalize ak grip (influenza) laboratwa konfime. Sezon sa a, te gen 13,460 ospitalizasyon ki gen rapò ak grip. Anplis, semèn pase a, 17,231 ka grip ki konfime nan laboratwa te rapòte bay Depatman Sante Eta a, swa yon ogmantasyon 15 pousan nan ka yo pa rapò ak semèn anvan an. Pifò ka grip ki konfime nan laboratwa yo ki te rapòte pandan yon sèl semèn nan yon sezon grip se te 18,252 nan ane 2017-18.

Te gen yon total 89,597 ka laboratwa konfime ki te rapòte sezon sa a nan Eta New York kote gen twa lanmò pedyatrik ki asosye ak grip la. Enfòmasyon sou aktivite grip la (influenza) disponib sou Trakè Grip Eta New York (New York State Flu Tracker). Trakè Grip la se yon tablodbò sou Konektè Sante Eta New York (New York State Health Connector) ki bay enfòmasyon alè sou aktivite lokal, reyonal ak nan tout eta a ki gen grip (influenza) la.

Nan dat 3 janvyè, Depatman Sante a te emèt yon avi sante ki alète pwofesyonèl swen sante yo sou ogmantasyon dramatik aktivite grip la atravè Eta New York.

Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker te deklare, "Pandan New York pa gen yon ka coronavirus ki konfime, grip la pami nou e li ka grav anpil. Lè nou adopte mezi prevantif tankou lave men yo souvan, kouvri tous ak etèniman avèk bra ou epi rete lakay lè ou santi sentòm tankou grip yo, sa ap ede anpeche pwopagasyon grip la. Menm mezi sa yo ap ede pwoteje Nouyòkè yo kont nouvo coronavirus la".

Depatman Sante Eta a rekòmande epi ankouraje pou tout moun ki gen laj sis mwa oswa plis pase sa pou resevwa yon vaksen kont grip (influenza). Byenke pa gen vaksen kont nouvo coronavirus la, mezi prevantiv chak jou yo ka ede sispann pwopagasyon sa ak lòt viris respiratwa yo:

- Lave men ou souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.
- Evite touche je, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ak etèniman ou ak yon papye, apre sa jete papye a nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou touche souvan.

Moun ki santi sentòm yo e ki ka te vwayaje nan zòn ki konsène yo oswa ki ka te an kontak ak yon moun ki te vwayaje nan zòn sa yo ta dwe rele pwofesyonèl swen sante yo a alavans anvan yo prezante pou tretman.

Nouyòkè yo ka rele liy asistans Eta a nan 1-888-364-3065, kote ekspè yo nan

Depatman Sante ka reponn kesyon yo konsènan nouvo coronavirus la. Anplis de sa, [sitwèb dedye](#) Depatman an ki te kreye kòm yon resous pou Nouyòkè yo toujou mete ajou. Sitwèb la gen ladan kounye a mouvman ak kontwòl direktiv pou depatman sante lokal yo ak yon lèt ki soti nan Depatman Sante ak Depatman Edikasyon Eta a ki ofri oryantasyon pou lekòl yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)